

# Kijan pou w pwoteje tibebe w la kont BPA (Bisphenòl A)

HAITIAN CREOLE



## KISA BPA YE ?

BPS (Bisphenòl A) se yon pwodwi chimik ki sèvi nan fabrikasyon yon plastik ki rele polikabonat. BPA sèvi tou pou fè pawa nan prèske tout bwat fèblan pou manje ak likid, an kontan bwat fèblan ki gen lèt pou tibebe.

Bwochi sa a ap eksplike kisa BPA ye, pouki se pou w konnen kisa li ye ak kijan ou ka pwoteje ni fanmi w ni oumenm kont limenm.

## POUKI ÈSKE YO SÈVI AK BPA NAN KÈK RESIPYAN MANJE AK LIKID POU BWÈ ?

BPA sèvi poutèt li wobis, lejè, epi dirab. Pawa ki fèt ak BPA anpeche andedan bwat fèblan manje ak likid yo wouye epi li ogmante konbyen tan yo kapab rete nan bwat fèblan.

## ÈSKE KONTAK AK BPA GEN EFÈ SOU SANTE MOUN ?

Etid nan laboratwa ki fèt sou animal sijere nivo BPA ki ba kapab yon danje pou devlopman nòmal nourison ak tibebe ki pa ko gen 2 zan.

## KI EFÈ SEGONDÈ KI POSIB NAN BPA ?

Efè segondè ki posib kapab se, men se pa sèlman, chanjman nan devlopman sistèm nè nourison an, tankou fonksyon glann tiwoyid la ak grandisman sèvo a ; chanjman nan devlopman konpòtmantal, tankou ipè-aktif ; ak chanjman nan devlopman nòmal glann pwostat la.

## KIJAN TIBEBE AK NOURISON YO VIN PRAN KONTAK AK BPA ?

Gen de jan nourison ka vin an kontak nan BPA :

- Yon ti kantite BPA ka soti nan pawa yon bwat fèblan lèt pou tibebe, si bwat la gen BPA ladan li, epi li rantre nan lèt la epi tibebe a ka pran li konsa.
- BPA ka pase tou nan lèt pou tibebe soti nan kèk kalite bibwon plastik lè yo mete dlo cho dirèk nan bibwon an.

Pandan gwosès, tibebe ka vin an kontak tou nan BPA poutèt manman an. Li kapab rive si manman an vale BPA ki soti nan yon bwat fèblan oubyen resipyan plastik li sèvi pou l manje oubyen bwè ladan l.

## KIJAN MWEN KA PWOTEJE TIBEBE MWEN AN KONT BPA ?

- Evite BPA pandan w ansent oubyen pandan w ap bay tibebe tete.
- Bay tete oubyen sèvi ak lèt an poud pou tibebe.
- Pa chofe bibwon plastik.
- Sèvi ak bibwon ki pa gen BPA nan yo.

## KIJAN POU YON FI KI ANSENT OUBYEN K AP BAY TETE KA EVITE BPA ?

Fi ki ansent oubyen k ap bay tete fèt pou yo :

- Manje fwi ak legim fre oubyen konjle pase pou yo pran yo nan bwat fèblan.
- Pa choje manje ak likid nan resipyan plastik polikabonat.
- Ranplase tout resipyan plastik polikabonat ki vye, grafouyen oubyen ki chanje koulè, an kontan boutèy dlo tou.

## POUKI POU M BAY TETE OUBYEN SÈVI AK LÈT AN POU POU TIBEBE ?

Bay tete se sa ki pi bon pou sante tibebe w la ak oumenm tou. Si w pa kapab bay tete, wè si w ka sèvi ak lèt an poud pou tibebe.

Sèvi ak yon bibwon ki pa gen BPA ladan l. Si w pa konnen si bibwon an gen BPA ladan l :

- Pa mete likid cho nan bibwon.
- Pa choje bibwon nan mikwovonn ak sou fou.
- Pa lave bibwon nan machin pou lave vesèl.

**Si tibebe ou a gen pou l pran lèt espesyal pou tibebe pou yon kesyon medikal, alò pa fè pyès chanjman san w pa pale sa avèk doktè a.**

### **KI AKSYON GOUVÈNMAN LETA OUBYEN FEDERAL LA PRAN SOU SA KI KONSÈNE BPA ?**

- Nan lane 2009, Massachusetts Department of Public Health pibliye konsèy ofisyèl pou konsomatè sou efè BPA kapab gen sou sante moun.
- Nan lane 2010, leta Massachusetts entèdi pou yo fabrike epi vann resipyan manje ak likid pou timoun ki k ap resèvi ak BPA nan yo (105 CMR 650.020).
- Nan lane 2012-2013, Food and Drug Administration (FDA) nan peyi Etazini modifye règleman sou aditif alimantè (21 CFR Part 177.1580) pou l sa elimine itilizasyon rezin polikabonat (PC) nan bibwon pou timoun, gode pou timoun ki pa koule tonbe ak anbalaj pou lèt pou tibebe.

### **ÈSKE TOUJOU GEN MANJE POU TIMOUN KI ANBALE NAN BPA ?**

Kwak gen nouvo reglemantasyon sa yo, li posib pou magazen gen kèk manje pou timoun ki nan anbalaj BPA poutèt magazen an pa konnen li entèdi oubyen poutèt magazen an te achte anbalaj sa yo anvan reglemantasyon sa a te kòmanse.

### **KIJAN M KA FÈ KONNEN SI YON BIBWON GEN BPA LADAN L ?**

Polikabonat, yon kalite plastik ki gen BPA ladan l, se yon plastik ki di epi ki klè. Li ka fimèn tou ak yon koloran.

Pou konnen si yon bibwon gen BPA ladan l, se pou w chache wè kòd ki make nan baz bibwon an. Si w wè senbòl resiklaj #7 ak let "PC" yo, alò w ap konnen bibwon an gen BPA ladan l. Se pa tout plastik #7 ki gen BPA ladan yo, men si bibwon an klè epi plastik li a di (oubyen li gen yon koulè ki fimèn), alò li kapab gen BPA ladan l.



Bibwon ki fèt an vè oubyen asye, ki pa kapab inokside, pa gen BPA nan yo. Gen plizyè kalite bibwon plastik ki pa gen BPA nan yo. Men, pa gen ase etid ki fèt sou pwodwi ki pa gen BPA nan yo pou n kapab rekòmande yon pwodwi pase yon lòt. Sèten mezi pou evite chofe manje ak likid nan resipyan plastik ka diminye chans pou pran kontak avèk plastik ki gen pwodwi chimik nan yo.

---

## **Kilès mwen ka kontakte si m ta bezwen lòt enfòmasyon siplemantè ?**

Ou ka pran kontak ak pwogram toksikoloji anvivonmantal la nan depatman sante piblik la nan :

**Bureau of Environmental Health**  
**MA Department of Public Health**  
250 Washington Street, 7th Floor, Boston, MA 02108  
Tel : 617-624-5757 | Faks : 617-624-5777 | TTY : 617-624-5286  
[www.mass.gov/dph/environmental\\_health](http://www.mass.gov/dph/environmental_health)

